

Deklarasyon WWD pou li nan kad Pogram Anivèsè Title 42

Nan Zzyèm ane anivèsè Title 42, zak gouvènman ameriken an demontre: se te toujou yon kesyon rasis k ap feraye

Konsènan nouvèl eksepsyon pou Ikrenyen k ap Mande Azil kont ekspilyasyon Title 42

11 Mas, Department of Homeland Security (Depatman sou Sekirite Teritwa Nasyonal la) bay yon [memo](#) ki otorize Customs and Border Protection (CBP – Ladwann ak Pwoteksyon Fwontyè a) bay resòtisan Ikrenyen yo ekzansyon kont Title 42 sou baz chak ka endividyèlman. Ikrenyen k ap chache sekirite, yo dwe resevwa yo ak konpasyon. Men jodia, nou leve miwa a devan gouvènman ameriken an pou n mande “Poukisa li si difisil pou jwenn menm konpasyon sa a pou moun k ap kouri kite Ayiti, Kamewoun, El Salvador, Siri, Meksik, ak lòt peyi k ap konfwonte lagè ak enstabilite?”

An pratik, sa politik sa demontre se blan k ap chache azil jwenn aksè nan yon sistèm ki kwape dèmilye moun nwa, miks, ak endijèn k ap mande azil. Li ta sanble fanmi blan ki rive sou fwontyè a jwenn pèmisyon pou yo reyini ak fanmi yo genyen Ozetazini, pandan fanmi Nèg, Ras Miks, Endijèn yo bloke Meksik pandan de zan, san okenn pis daksè pou yo jwenn azil. Ikrenyen pa merite andire vyolans Title 42 a. Men, pèsòn dèt nonplis pa merite sa.

Pat janm gen ankenn dout Title 42 te konsevwa espesyalman pou anpeche refijye ak imigran Nèg, Ras Miks, ak Endijèn antre Lèzetazini nan kad Title 42 a. Plis pase 20 000 moun, ki gen ladan timoun ak ti bebe tou, te depòte retounen Ayiti, malgre peyi a ap kwoupi anba prezidan yo ki te ansasinen, vyolans politik jeneralize, avèk ravaj dezaz natirèl. Desizyon Administrasyon Biden lan kontinye enpoze Title 42 a pou moun nwa, miks, ak endijèn pandan yo louvri pòt yo byen laj pou blan Ikrenyen yo. Sa se dènye chapit sou yon listwa manch long nan pratik istorik rasis depi depi politik imigrasyon, ki egziste nan peyi Etazini.

Nou abitye wè politisyen ak ekspè ann Ewòp ak Ozetazini reyaji sou lagè Ikrèn lan, ap lamante sou soufrans “[moun tankou nou](#).” Kòm kwa deklarasyon sa yo ta fè konprann kote tankou peyi Ayiti, Amerik Santral, ak Lafrik pi enstab, men sa pa gen anyen arevwa ak syèk vyolans kolonyal ni eksplwatasyon zòn sa yo sibi. Mesaj la klè soufrans moun nwa, miks, ak endijèn nòmal, men Ewopeyen k ap sibi lagè, ki deplase, se fenomèn “eksepsyonèl,” kidonk merite preyokipasyon nou.

Lè nou di “Byenvini nan Ladiyite,” nou vle di tout moun merite an sekirite, merite pou yo lib. Dwa pou mande azil la pou tout moun ki pa gen sekirite ankò nan peyi dorijin yo. Dirijan politik nou yo pa kab ap aplodi peyi ewopeyen k ap resevwa dèmilyon Ikrenyen pandan yo kontinye ap bay moun nwa, miks, ak endijèn yo do, k ap chache refij nan pa pòt lakay nou.